

Lekòl Leta Miami-Dade County
Biwo Akademik e Transfòmasyon
Divizyon Akademik

Gid Paran pou “Florida Standards (FS)” (Estanda Florid)

Kisa Estanda Florid yo ye?

Kòmanse avèk ane lekòl 2014-2015 la, lekòl Florid yo pral enplemente “Florida Standards (FS)” (Estanda Florid) nan klas jadandanfan rive 12yèm ane eskolè. Estanda sa yo gen ladan “Language Arts Florida Standards (LAFLS)” (Estanda Lekti/Redakson Florid) yo e “Mathematics Florida Standards (MAFS)” (Estanda Matematik Florid). Estanda Florid yo:

- se atant detaye sou sa chak timoun ta dwe konnen e ka fè nan chak nivo ane eskolè;
- konsantre sou rezònman kritik e analistik;
- etabli machasuiv klè e konsistan pou enstriksyon;
- ofri kontni e aplikasyon konesans ki pi rijid; e
- pral ede prepare pitit ou a pou reyisi nan 21yèm syèk la avèk konesans e ladrès ki nesesè pou kolèj ak karyè.

Kijan yo pral evalye Estanda Florid yo?

Yo pral alien nouvo evalyasyon an, “Florida Standards Assessments (FSA)”, (Evalyasyon Estanda Florid), avèk enstriksyon elèv pral resevwa anba Estanda Florid yo pou LAFLS ak MAFS. Evalyasyon sa yo pral ranplase FCAT 2.0 pou matyè sa yo. Evalyasyon Florid yo pral:

- evalye ladrès rezònman elèv nan yon nivo pi wo pou koresponn ak pi gwo atant Estanda Florid yo;
- gen ladan differan kalite kesyon ki depase kesyon plizyè chwa oubyen ranpli espas vid. Pa egzanp, nouvo kalite kesyon nan egzamen yo pral mande pou yon elèv reponn nan kreye yon tablo oubyen nan sèvi ak enfòmasyon ki soti nan de oubyen plis tèks literè, prezantasyon odyo oubyen multimedya;
- mezire pwogrè sou LAFLS nan evalye redakson nan 4yèm-11yèm ane eskolè e lekti nan 3yèm-11yèm ane eskolè;
- mezire pwogrè nan MAFS pou elèv nan 3yèm-8yèm ane eskolè e sa ki anrejistre nan aljèb 1 ak 2 e kou Jewometri; e
- evalye elèv atravè egzamen sou òdinatè nan 5yèm-11yèm ane eskolè e avèk egzamen “papye ak kreyon” pou elèv nan 3yèm ak 4yèm ane eskolè.

Ki kote pitit mwen an avèk mwen ka jwenn enfòmasyon sou Evalyasyon Estanda Florid yo?

Depatman Edikasyon Florid kreye yon pòtal sou Entènèt ki gen enfòmasyon avèk resous pou Evalyasyon Estanda Florid yo. Zouti sa a disponib pou distri lekòl, lekòl, elèv, paran ak publik la an jeneral pou jwenn enfòmasyon sou nouvo evalyasyon yo nan www.fsassessments.org

Vizite tou sit FS Biwo Akademik ak Transfòmasyon Lekòl Leta Miami-Dade County: <http://floridastandards.dadeschools.net/>



Ki estanda ak evalyasyon ki an plas pou Syans ak Syans Sosyal?

- Evalyasyon “Next Generation Sunshine State Standards (NGSSS)” (Estanda Pwochen Jenerasyon Eta ‘Sunshine’) toujou an plas pou syans ak syans sosyal. Yo fè koneksyon pou LAFLS ak MAFS atravè ansèyman ak aprantisaj Syans e Syans Sosyal.
- Nan syans, FCAT 2.0 ap kontinye pou elèv nan 5yèm ak 8yèm ane eskolè e yo administre li kòm yon egzamen “papye ak kreyon”. Yo administre egzamen “End of Course (EOC)” (Fen Kou) Biyoloji 1 nan sèvi ak yon fòma sou òdinatè.
- Nan syans sosyal, evalyasyon EOC eta a mande se EOC Sivik 7yèm ane eskolè ak EOC Istwa Ameriken 11yèm ane eskolè. Yo administre toude nan sèvi ak yon fòma sou òdinatè.

Lekòl Leta Miami-Dade County
Biwo Akademik e Transfòmasyon
Divizyon Akademik

Gid Paran pou “Florida Standards (FS)” (Estanda Florid)

Kisa paran ka fè pou ede pitit yo prepare pou reyisi nan LAFS?

- Elèv nan klas jadandanfan rive 12yèm ane eskolè ta dwe li istwa ak tèks enfòmasyonèl. Kèk egzanp tèks enfòmasyonèl se jounal, magazin, manyèl teknik, syans, etid sosyal, ak kontni nan lòt liv tèks.
- Elèv ta dwe li tèks ki vin pi konplèks pandan yo ap avanse atravè ane eskolè yo. Mande pwofesè pitit ou a tèks ki apwopriye avèk nivo ane eskolè li. Vizite bibliyotèk ki nan zòn ou a e wè lyen sou lis lekti ki apwopriye.
- Elèv ta dwe kapab reponn kesyon ki baze sou tèks yo li. Mande pitit ou a pou l'jwenn repons pou kesyon ki nan tèks la, ekri sou liv li te li e pran pozisyon daprè pwendvi yon karaktè.
- Ensiste pou pitit ou a sèvi ak eksplikasyon lojik pou l' defann opinyon ak rechèch li, e bay eksplikasyon daprè prèv e detay.

Kisa paran ka fè pou ede pitit yo prepare pou reyisi nan MAFS?

- Travay ak pwofesè pitit ou a pou idantifye opòtinite pou anrichisman oubyen lesón patikilye si nesesè.
- Asiste pitit ou a nan sèvi avèk tèm matematik presi e bay eksplikasyon lojik.
- Mande pwofesè pitit ou a pou l'gide w sou fason pou jwenn resous pou ede pitit ou a aprann matematik aprè jounen regilye lekòl la.
- Diskite ide matematik avèk pitit ou a e fè l'eksplike w yo nan sèvi avèk foto, tablo, eks.
- Ensiste pou pitit ou a sèvi ak eksplikasyon lojik pou l' defann rezònman li e bay eksplikasyon daprè prèv, detay e bonjan kalkil.

Kisa paran ka fè pou ede pitit yo prepare pou reyisi nan syans?

- Ankouraje pitit ou a pou l' obsève e kesyon sa ki ap pase nan mond ki alantou a.
- Mande pwofesè pitit ou a pou l' gide w sou fason pou jwenn resous pou ede pitit ou aprann syans aprè jounen regilye lekòl la.
- Diskite ide sou syans ak pitit ou a e fè l' eksplike w yo, nan sèvi ak foto, tablo, eks.
- Eksplore resous syans k ap suiv yo avèk pitit ou a:
 - “Scholastic Study Jams”
<http://studyjams.scholastic.com/studyjams/index.htm>
 - Medya Aprantisaj PBS <http://wlrn.pbslearningmedia.org/>
 - Sit Syans Entèraktiv:
<http://interactivesites.weebly.com/science.html>
 - Pratik EOC CBT Byoloji: www.FLAssessments.com/ePAT
 - “FCAT Explorer” <http://www.fcatexplorer.com/>

Kisa paran ka fè pou ede pitit yo prepare pou reyisi nan syans sosyal?

- Gade nouvèl, li jounal oubyen lòt sous nouvèl e konpare/fè diferans ak enfòmasyon ki soti nan plizyè sous sou menm sijè a.
- Pale ak pitit ou sou siyifikasyon tablo, kat, dyagram, sitasyon, ak desen anime politik ou jwenn nan sèvi ak resous sa yo.
- Ankouraje pitit ou a vizite sit k ap suiv yo:
 - lekòl elemantè <http://www.timeforkids.com>
 - lekòl mwayen <http://www.scholastic.com>
 - lekòl segondè <http://www.cnn.com>